**दिन–सोमवार** **दिनांक–01.07.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह जनौलनि अछि जे आइ सँ लागू कयल गेल तीन आपराधिक कानून सँ देश मे सभ सँ आधुनिक आपराधिक न्याय प्रणाली स्थापित होयत। श्री शाह जनौलनि जे भारतीय लोकाचार मे अंतर्निहित ई नव आपराधिक न्याय प्रणाली आब पूरा स्वदेशी अछि। ई कानूनक विषय मे नव दिल्ली मे मीडिया के जनतब दैत केन्द्रीय गृह मंत्री श्री शाह जनौलनि जे नव कानून त्वरित न्याय आओर पीड़ित सभक अधिकार सुनिश्चित करत। ओ जनौलनि जे पहिने मात्र पुलिसक अधिकारक रक्षा कयल जायत छल, आब पीड़ित आओर शिकायतकर्त्ता सभक अधिकारक सेहो रक्षा कयल जायत। गृह मंत्री जनौलनि जे सरकार देश विरोधी गतिविधिक खिलाफ राजद्रोह कानून के समाप्त कऽ नव प्रावधान लागू कयलक अछि।

---

नव आपराधिक कानून मे जांच, सुनवाई आओर अदालती काज मे प्रौद्योगिकीक उपयोग पर जोर देल गेल अछि। एहि के देखैत राष्ट्रीय अपराध रिकॉर्ड ब्यूरो– एन.सी.आर.बी अपराध आओर अपराध ट्रैकिंग नेटवर्क आओर प्रणाली मे तैईस संशोधन कयलक अछि। ब्यूरो राज्य आओर केन्द्र शासित प्रदेश के एहि लेल जरूरी तकनीकी मददि सेहो कऽ रहल अछि। नव कानून पर जागरूकता बढ़ेबाक लेल विश्वविद्यालय अनुदान आयोग, अखिल भारतीय तकनीकी शिक्षा परिषद आओर सभ उच्च शिक्षण संस्थान, विचार–विमर्श, कार्यशाला, प्रश्नोत्तरी सत्र आओर क्विजक आयोजन करत। राज्य आओर केन्द्र शासित प्रदेश मे सभ पुलिस थानाक प्रभारी सेहो नव कानूनक विषय मे जनतब देबाक लेल कार्यक्रम आयोजित करत।

---

देश मे तीन नव अपराधिक कानून– भारतीय न्याय संहिता, भारतीय नागरिक सुरक्षा संहिता आओर भारतीय साक्ष्य अधिनियम आइ सँ लागू भऽ गेल अछि। विधि आओर न्याय मंत्री अर्जुन राम मेघवाल जनौलनि अछि जे नव कानून मे औपनिवेशिक कानूनक उनटा, न्याय

करय पर जोर देल गेल अछि, जखनकि, औपनिवेशिक कानून मे सजा पर बेसी ध्यान देल जायत छल।

——————————————————————

प्रदेश मे तीन नव आपराधिक कानून के लऽकऽ सभ थानाक पुलिस कर्मी के प्रशिक्षित कयल गेल अछि। आइ राज्यक सभ थाना मे आम जनता के नव कानूनक जनतब देबाक लेल कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। कार्यक्रम मे आमंत्रित नागरिक सभ के कानून सँ जुडल पैघ बदलि पर बनाओल गेल एक पुस्तिका सेहो देल गेल अछि। बिहार पुलिसक वेबसाईट– **पुलिस डॉट बिहार डॉट जीओवी डॉट इन** पर तीनू आपराधिक कानूनक हिन्दी आओर अंग्रेजी संस्करण देल गेल अछि।

——————————————————————

आई प्रदेशभरि मे चिकित्सक दिवस मनाओल जा रहल अछि। एहि अवसर पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सोशल मीडिया पोस्ट द्वारा सभ चिकित्सक के शुभकामना देलनि अछि। ध्यातव्य अछि जे भारत रत्न विधानचन्द्र रायक जन्म दिवसक अवसर पर चिकित्सक दिवस मनाओल जायत अछि। डॉक्टर रायक जन्म पटना मे भेल रहनि।

——————————————————————

नेपालक जलग्रहण क्षेत्र मे भऽ रहल बारिशक कारण उत्तर बिहारक नदीक जलस्तर बढ़ला सँ कतेको क्षेत्र मे बाढ़िक पानि पसरि गेल अछि। सीतामढ़ी जिला मे रातो, मरहा, हरदी आओर अधवारा समूहक नदी सभ उफान पर अछि। जाहि सँ कतेको क्षेत्र मे आवाजाहि बाधित भऽ गेल अछि। झीम नदीक पानि सोनबरसा बाजारक लऽग–पास पसरि गेल अछि। ओतहि, कोसी नदीक जलस्तर बढ़ि रहल अछि। एहि के देखैत कोसी बराजक उनतीस फाटक खोलि देल गेल अछि। एम्हर, मुजफ्फरपुर जिलाक कटरा प्रखंड मे बागमती नदीक जलस्तर पांच फीट बढ़ि गेल अछि, जाहि सँ पीपा पुल पर वाहनक आवाजाहि बंद कऽ देल गेल अछि। प्रखंडक चौदह पंचायतक मुख्यालय सँ संपर्क टूटि गेल अछि। केन्द्रीय जल आयोगक अनुसार महानंदा आओर परमान नदीक जलस्तर पुर्णियां आओर अररिया मे खतराक निशान सँ बेसी भऽ गेल अछि। आयोग द्वारा जारी रिपोर्टक अनुसार महानंदा नदी पूर्णियांक ढेंगरा घाट मे खतराक निशान सँ चौदह सेंटीमीटर उपर बहि रहल अछि। ओतहि, परमान नदीक जलस्तर अररिया मे लाल निशान सँ उनहतरि सेंटीमीटर बेसी भऽ गेल अछि।

——————————————————————

प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे मॉनसूनक प्रभाव सँ बारिश भऽ रहल अछि। मौसम विभाग जनौलक अछि जे अगिला तीन सँ चारि दिन धरि राज्यक उत्तर–पश्चिम आओर उत्तर–मध्य सहित कतेको क्षेत्र मे मध्यम सँ भारी बारिश भऽ सकैत अछि। विभाग आइ पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण आओर किशनगंज जिला मे किछु ठाम अति भारी बारिशक ऑरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि। ओतहि, पूर्वी चंपारण, पश्चिमी चंपारण, सीतामढ़ी, शिवहर, मधुबनी, सुपौल आओर भोजपुर मे भारी बारिशक चेतावनी जारी कयलक अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटनाक अनुसार बिहारक उपर एक चक्रवातीय परिसंचरणक क्षेत्र बनल अछि, जाहि सँ बारिश भऽ सकैत अछि।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।